Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса Пали-хIажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 26 (6606) 25 июнь 2018 с. Итни Шаввал 1439 с. Багьа 5 гъур.

ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Социалиял, сахлъи цIуниялъул, транспорталъул, балугълъиялде рахинчIезе заманалъул хIалтIи кьеялъул суалал рорхана

### Бакълъулазул районалъул бетIерас гражданал къабул гьаруна

**19 июналда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас гражданал тIаде къабул гьаруна. ГIадамал рачIана социалияб политикаялда, сахлъи цIуниялда, росдал магIишаталда, лъайкьеялда, транспорталда, энергетикаялда, газ бачиналда хурхарал ва цогидалги кIвар бугел суалалгун.**



Районалъул гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централъул нухмалъулев Муслим ГIабдурахIмановас рорхана 14-18 сон барал гражданал заманалъулаб хIалтIудалъун, цIалудаса эркенаб мехалъ, хьезариялъул, ЦЗНалде учреждениязда, гIуцIабаз, предприятияз эркенал хIалтIул бакIал рукIиналъул отчетал кьезе ккеялъул ва цогидалги суалал.

МелъелтIаса Гулисат Базаргановалъ районалъул бетIерасда гьарана бакI базе ракь кьеян. ХIажимурад МухIамадовас рагIи кьуна ракьул участок кьеялъул суалалъул хал гьабизе.

«БакътIерхьул пачалихъазул санкциязда хурхарал захIмалъабазухъ балагьичIого, Россиялда бажарана жанисел сурсатаздаса пайда босизе ва экономика цебетIезабизе. Нильер улкаялда киналго бутIаби церетIезариялде кIвар кьолеб буго, кумек гьабулеб буго социалияб рахьалъ нахъе ккаразе, кьолеб буго эбелалъул капиталалъул гIарац. Пачалихъияб рахъкквеялда тIадеги, гьорлъе цIалел руго гурхIелрахIмуялъул фондал ва цогидалги меценатал. «Инсан» фондалъ ва республикаялъул цогидал учреждениязгун цадахъ гIумруялде рахьинарулел руго хIажатазе кумек гьабиялде ралагьарал проектал»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Гражданал къабул гьарулаго рорхарал суалал тIураялъе тIадкъаял ва рихьизарияб кьуна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Лъималазул риидалил хIухьбахъи, «Машук» форумалъе проект, 890 тонна харил...

### Бакълъулазул районалда халгьабуна «КвегIенал, санагIатал шартIал» программа тIубазабиялъул

**18 июналда Бакълъулазул районалъул администрациялъул данделъиялда гьоркьор лъуна «КвегIенал, санагIатал шартIал» программа тIубазабиялъул, тIабигIияб балагьалъул хIасилазе ахир лъеялъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалал.**

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хьарагишиевас.

Россиялъул Федерациялъул пенсионнияб фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас бичIчIизабуна пенсиял кьеялъул системаялда ругел хиса-басиял.

Дагъистанстаталъул Гумбет районалда вугев бетIерав специалист-эксперт МухIамад Лабазановас бицана баянал ва отчетал жиндир заманалда кьезе ккеялъул.

«Цо-цо КФХяз, ЛПХяз, ОО-Ояз ва цогидалги предприятияз отчетал жиндир заманалда кьеялде кIвар кьолеб гьечIо. Районалъул ракьалда ругел киналго магIишатазул баянал щвеялъе тадбирал гIуцIизе ккола. Гьезул магIишатияб ва финансовияб хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ лъазе кколебълъи законалъги тIалаб гьабула»,-ян абуна МухIамад Лабазановас.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас



борхана риидалил хIухьбахъи лъималазе гIуцIиялъе хIажатал документал хIадуриялъул суал.

Гьебго темаялда байбихьана кIалъай районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовасги.

«Дагъистаналда паротит, корь (месед) ва цогидалги рахунел унтаби раккиялъул хIужаби руго. Гьел унтаби хасго хехго рахуна лъималазде. Гьединлъидал хIажат буго гьел унтабазда данде цIалдохъабазе прививкаби гьаризе. МухIканаб хъаравуллъи букIине ккола район ва республика тун къватIирехун риидалил ларазде ритIулел лъималазда хадуб. Прививкаби гьаричIел лъимал, хасго сертификаталги гьечIого, хIухьбахъиялъул зонаялде ритIизе бегьуларо. Нижеца гIадамазда гьоркьоб бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабулеб буго прививкаби гьаризе ккеялъул хIакъалъулъ. Централияб больницаялда больничниял тIамчал электроннияб къагIидаялда кьолел руго»,-ян бихьизабуна МухIамад СайгидахIмадовас.

Районалъул бетIерасул гIакълучи АхIмад Сулаймановас бицана «КвегIенал, санагIатал шартIал» программа тIубазабиялъе гьабулеб бугеб хIалтIул.

Бакълъулазул районалъул гIолилазул вакилзабаз хIадур гьабулеб буго Севернияб Кавказалъул «Машук» форумалъе проект. Гьелъул ва гIолилазул централъ гьарулел цогидалги ишазул хIакъалъулъ бицана гьеб учреждениялъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас.

МелъелтIа футбол хIалеб гьитIинаб байдан балеб буго. «Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас абуна араб анкьалъ росдал администрациялъул ва гIолилазул къуваталдалъун лъабго бакIалда лъим бачарал рогIрал къачIанилан, горо-цIералъ гIадамазул картошкаялъе ва цогидал культурабазе зарал кьунин.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Архивалъул документал цIуни, газ бачин...

-2 гьум.



ГIарабияв МухIамад бин ГIабдулагь аль Альдарус МелъелтIа мажлисалда

-2 гьум.



Кирпичал режулел заводазул кIкIуялъ самолетазе роржине кваклвал гьабулеб бугила

-3 гьум.



Собрание депутатов муниципального образования «Село Ингиши»

-4 стр.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# Архивалъул документал цIуни, газ бачин...

### Росаби церетIезариялъул суал гьоркьоб лъуна Бакълъулазул районалда

**19 июналда Бакълъулазул районалъул администрациялъул данделъиялда гьоркьор лъуна архивалъул документал рукIалиде рачиналъул, росабазул поселениял комплекснияб къагIидаялда церетIезариялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал.**

Гьенир гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиев, районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, архивалъул отделалъул нухмалъулей Раисат Ислаханова, росабазул поселениязул бутIрул, учреждениязул, гIуцIабазул, школазул нухмалъулел ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас. Гьенир гьоркьор лъуна архивалъул документал рукIалиде ккезариялъул, росабазе комплекснияб цебетIей щвезабиялъул, росабалъе газ бачиналъе шартIал гIуцIиялъул, захIматалъул гIадлуялъул хIакъалъулъ суалал. КIалъазе рахъана районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадов, бакIал раялъул ва архитектураялъул бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиев, аппараталъул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереев ва цогидалги.

Архивалъул отделалъул нухмалъулей Раисат Ислахановалъ бицана росабазул администрациязда делопроизводство бачунев жавабияв чи тезе, архивалъе рукъ батIа гьабизе ккеялъул, жиндир низамалда протоколал цIезаризе, архивалъулал документал цIунизе ккеялъул.



«Гумбет» РИО

# Лъималазул риидалил хIухьбахъи, «Машук» форумалъе проект, 890 тонна харил...

(Байбихьи -тIоцебесеб гьум.)

Чвахун цIадал ран иххал рачIиналъ нухал хвезарунин ва гьел щалаялдаса, гамачIалдаса рацIцIад гьарунин бицана «Гумбетовская ДЭП №10» ОА-Оялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас.

Районалъул администрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас бицана росаби газалдалъун хьезариялъе гьабулеб бугеб хIалтIул.

Бакълъулазул район машгьураб буго экологиялъул рахъалъ рацIцIадал нигIматаздалъун. Цудунго барщулеб курак базаралде щвеялъул, хьутабазда 890 тонна хъачIаб рагIи-хер хIадуриялъул, люцерна бециялде хIадурлъи гьабулеб букIиналъул бицана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.

Районалъул лъайкьеялъул, физичечкияб культураялъул, ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас кIалъаялда тIадчIей гьабуна лъайкьеялъул бутIаялда гьабулеб бугеб хIалтIуда, ОГЭ, ЕГЭ кьеялда, школал цIияб цIалул соналде хIадурлъиялда.

Налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул бицана «Гумбет район» муниципалияб районалъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас.

МухIамад Хъарагишиевас хIасилал гьаруна данделъиялъул ва киналго органал, гIуцIаби ва учреждениял ахIана гIадамазе хъулухъ гьабиялъул качество борхизабиялъе, муниципалитеталъул социалиябгун экономикияб цебетIеялъе гIоло хIалтIизе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# ГIарабияв МухIамад бин ГIабдулагь аль Альдарус МелъелтIа мажлисалда

### Бакълъулазул районалда тIобитIана шагьидзаби ракIалде щвеялъул мажлис-ифтар

**МелъелтIа росдал гIадамаз гIуцIараб, террористазул квердасан гIумруялдаса ратIалъарал шагьидзаби ракIалде щвеялъул мажлис-ифтар тIобитIана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул залалда.**



Мажлис байбихьилелде машгьурал диниял церехъаби Дагъистаналъул муфтий, ЦIиликьа СайидмухIаммад-хIажи Абубакаровасул, ЧIикIаса шайих СагIид-Афандил, жамгIияв хIаракатчи, тохтур, Килалъа АхIмад-хIажи ГIагьаевасул, «Прибой» медиагруппаялъул нухмалъулев МелъелтIаса Шамил ГIалиевасул ва цогидазулги гIумрудул нух ва хIаракатчилъи экраналдасан бихьизабуна.

Гьеб рухIияб, тарихиябгун ВатIан бокьиялъул тадбиралда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, МухIаммад аварагасул ( с.т.гI.в.) наслуялъул гIарабав, машгьурав гIалим МухIамад бин ГIабдулагь аль-Айдарус, мугIрузул территориалияб округалда ДРялъул муфтияталъул ихтияр кодосев вакил Магьди ГIабидов, Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назиров, Дагъистаналъул муфтияталъул халкъазда гьоркьосеб отделалъул нухмалъулев Шигьабудин ХIусейнов, МелъелтIа росдал имам Исрапил-хIажи ГIизраилов, мугIрузулаб Дагъистаналъул росабалъа имамзаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел ва хIалтIухьаби, жамгIиял церехъаби ва цогидалги.

Мажлис рагьана ва бачана ДРялъул муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъан Камил Шайиховас. Байбихьуда Къуръаналъул аятал цIалана Шамил Батирмирзаевас. Мажлисалда кIалъазе рахъана районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, МелъелтIа росдал имам Исрапил-хIажи ГIизраилов, Шамил районалъул имам ХIасан-хIажи, ГIарабиялдаса гьобол МухIамад бин ГIабдулагь аль-Айдарус, мугIрузул территориалияб округалда ДРялъул муфтияталъул вакил Магьди-хIажи ГIабидов, Гумбеталъул имам Шамил Назиров.

Мажлисалда цере рахъана МелъелтIа «Бакъ» ясли-ахалъул гьитIичал, нашидал ахIулел. ГIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул актераз бихьизабуна имам Шамилил заманалъул рагъул сонал цере чIезабулеб сценка.

МухIаммад бин ГIабдулагь аль- Айдарусица дугIа гьабуна ислам цебехун бачиналъе гIемераб хIалтIи гьабурал террористазул квердасан гIумруялдаса ратIалъарал Дагъистаналъул хIаракатчагIазул рухIазе.

Районалъул имам Шамил Назировас ГIарабиялдаса хIурматияв гьоболасе къиматаб сайгъат кьуна, районалде сапар бухьаралъухъ ва мажлисалда гIахьаллъаралъухъ баркалаги загьир гьабуна. Къиматал сайгъатал кьуна гьединго мажлис тIобитIулаго хIаракатаб гIахьаллъи гьабуразеги. Мажлис лъугIарабго мелъелдерица кIал биччай-ифтаралде ахIана киналго.

**Къурмагьиз ХIадисова**

НИЛЪ БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

# Сахлъиги щулалъила, ккараб къо борхизеги ругъунлъила

### Бакълъулазул районалъул школазда тIоритIана цIалул сборал

**МухтарахIмад КъурамухIамадовасул цIаралда бугеб ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалда тIоритIана рагъулаб хъулухъалъул кьучIал малъулел цIалул сборал. Занятиял тIоритIана ОБЖялъул (Основы безопасности жизнедеятельности) цIалул программаялда рекъон.**



ЦIияб Аргъвани школалда сборал тIоритIиялъе нухмалъи гьабуна ва гьел иналда хадуб хъаравуллъи ккуна директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель Маржанат ГIалиевалъ.

ЦIалул сборазда школлъималазда лъана рагъулаб хъулухъалъе ругьунлъиялъул батIи-батIиял къагIидаби. Гьединал занятияз гIолеб гIелалъе физическияб лъадари щвеялъе квербакъи гьабула.

ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Башир Башировас абуна цIалул сборазул кIудияб кIвар бугин школлъималазул сахлъи щулалъиялъе, гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалде ккараб къо борхизе ругъунлъиялъе. ЦIияб Аргъвани школалъе кьун буго БагIараб цIва орденалъе мустахIикълъарав рагъухъан-интернационалист, Афгъанистаналда тIадаб хъулухъалъулаб иш тIубазабулаго хварав МухтарахIмад КъурамухIамадовасул цIар. Гьединлъидал нижер школа буго ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия кьей гIуцIараб цIалул заведение. Нижеца гIемер тIоритIула ветераназул гIуцIабазулгун, полициялъул хIалтIухьабазулгун, диниял церехъабазулгун цадахъал акциял ва рагъулабгун ВатIан бокьиялъул рухIалда цIалдохъабазе тарбия кьеялъул цогидалги тадбирал.

ЦIалул сборал цогидал школаздаги гIуцIа-къан тIоритIана.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪУТУН УНЕБ БУГО УНТАРАБ ДУНЯЛ…

# Кирпичал режулел заводазул кIкIуялъ самолетазе роржине квалквал гьабулеб бугила

**Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуразарулев Владимир Васильев журналисталгун дандчIвана**

**Футболалъул авлахъал гIадал бахчаби хинлъизаризе чIобого кьабулеб бугила электрикияб цIатари. Зулмуялъул къурбаналлъун ккарал халкъал ритIухъ гьариялъул къанун гIумруялде бахъинабизе захIмат бугила. Хасго гьеб суал бегIерго бугила ингушазда ва гьириязда гьоркьоб. МахIачхъалаялда ва цоги шагьаразда, рукIине кколелтIалабалгитIурачIого, жагъалал минаби ран ругила. Гьелги гьел гурелги цоцазулъ рухьарал, кIвар бугел масъалаби рукIалиде ккезаризе хIалтIи гьабулеб бугин абуна 2018 соналъул 19 июналда Дагъистаналъул хIалтIухъабазул централда республикаялъул мухъазул ва шагьаразул вакилзабазулгун букIараб дандчIваялда ДРялъул бетIерасул ишал тIуразарулев Владимир Васильевас.**

### Суворовал ва Поповал тIокIал рачIине гьечIин абуна

Дагъистаналъул нухмалъулесул ишал тIуразе Владимир Васильев вачIана араб соналъул сентябралда. Гьесул бетIерлъиялда республикаялъ тIамулеб бугеб сон бигьаяб букIанин абизе рес гьечIо. Гьеб бичIчIулеб бугоан живго Васильевасдаги. Информациялъулаб сиясаталъул бугеб цIикIкIараб кIварги хIисабалде босун, журналистазулгун мушавара гьабизе, пикраби дандразе вачIун вугин живилан абуна гьес.

Россиялъул президентасул администрациялдаса информациялъул ишалъул махщалилалги рачIун рукIана гьеб дандеруссиналде. Гьезги бицунеб букIана социалиял гьиназул, халкъалда загьирлъарал гIузрабазе жаваб кьезе ккезабиялъул ва гьел масъалаби лъугIизариялъе хIалтIи гьабизе хIажат букIиналъул.

Москваялда Дубровкаялда гьоркьлъалие гIадамалги росун террористал рукIаго, журналистазда ва халкъалда цеве вачIун, калам гьабизе жинде божилъи гьабун букIанин, кьалмил устарзабаз битIун хабар къватIибе кьеялда бараб жо гIемер бугилан бицана Васильевас.

«Суворовин фамилия бугев Дагъистаналъул ТIадегIанаб судалъул нухмалъулев ва Поповилан фамилия бугев республикаялъул прокурор рачIанин Дагъистаналда хIалтIизеянги какулев вуго дун. ЗахIматаб хIал букIиналъ, рачIана гьел гьанире. Дагъистаналъул ХIукумат дандe бакIарулелъул, гьанисаго хъулухъчагIи толел руго ва тезе руго», – ян лъазабуна вриояс.

### Аскариязе 2700 квартира ва рагьараб режари

Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуразарулев тIаде вачIиндал ва нахъе унелъул, хантIан тIадеги рахьун, чIана залалъуре ракIарарал чагIи. МухIамад ПатахIовас абухъего, «лъаларо, лъаларо, лъикIищ гьеб, квешищ?». ЛъикI буго, накабазде ккечIолъи ва нодо чIвачIолъи.

Россиялдаго ва хас гьабун Дагъистаналда гIемерал суалал ва анцI-анцI соназ тIурачIел, ригьарал масъалаби рукIин киназдаго лъала. Гьел гIузраби тIагIинариялъе гьабулеб хIалтIи халкъалъе бокьила. Амма, некIсиял греказулго бугоха тохтурасе гьабураб гьара-рахьи: «Эскулап, зарал гьабуге!» – ян абураб. Бихьизабизе кидаго бигьа букIуна гIуцIизеялда.

Каспийскиялда аскариязе 2700 квартира босизе бугилан абуна Васильевас. Гьеб лъикIаб жо бугилан гьесие хIелулев вукIарав цоявги гъорлъго къинавун, гьес абуна Дагъистаналъул бакIал ралезул ругел «зодоре рахарал багьаби» гьезие данде кколарилан. Роржунел самолетазе квекIенал гьарулеб кIкIуй букIунин МахIачхъалаялда ва Каспийскиялда гьоркьор ругел кирпич къотIулел заводазул, гьез экология хвезабулеб бугин ва, гьелда тIадеги, цIакъго хираго ричулин гьелилан абуна вриояс.«ЧIужугIаданалъцин рокъоб рагьараб цIеда тIад божуларо гIанкIу, почониб лъола. Дагъистаналъул кирпич гьабулел заводазда гьайин абуни рагъухъе бежулеб буго гьеб бакIал ралеб сурсат. Нижеца халгьабулеб буго гьел заводазул ва гьеб рахьалда букIине кколеб гIадлу билълъанхъизабизе буго», – ян абуна Васильевас.

### Азаргоясул анкьгоясе щвана хIалтIи

Москваялъ тIадеги кьураб гIарацги судаздагун диваназда ва налъаби рецIулаго тIагIунеб бугилан абуна гьес. Гьедин харж гьабизе кканила дагьаб цебегIан Кремлиялъ республикаялъе биччараб 600 миллион гьурущалъул цIикIкIанисеб бутIа. Гьеб залалъур тIадеги рахьун электроэнергиялъул суалал кьурал вакилзабазул районазда токалдалъун хьезари хIажатаб даражаялде бачине бугиланги бицана гьес. Хадуб цоги анлъго районги тIаде босилила. Гьедин дагь-дагькккун тIуралила электромухъазул ва токалъул суалал. Помидоргун охцер ва цоги нигIматал гIезарулел футболалъул авлахъал гIанасел парникал, бахчаби, токалъухъ гIарацги кьечIого, хIалтIизарулел рукIиналъулги рехсей гьабуна гьениб. Гьединал ишазеги законалдалъун жаваб кьезе бугин абуна. Токалъул халгьабулеб 17-азарго алат бачIине бугин республикаялдеянги бицана данделъиялда.

ХIалтIухъабазул (кадрабазул) нахърател гьабиялъул масъала жеги лъугIун гьечIин, хадубги жеги кIиазарго чи, гьеб программаялда рекъон, тIаса вищизе вугилан баян кьуна данделъиялда. Гьедин тIоцеве вищарав азарго махщалиласул гьабсагIат хIалтIуда тун вуго анкьго чи.

### Миллиял мацIаз гIурус мацIалъе «квекIен гьабиялъул» бицараб законопроекталъул рахъкколеб буго Владимир Васильевас

Гьал мухъазул авторас Владимир Васильевасе кьуна цо суал: – Россиялъул Федерациялъул халкъазул мацIал школалъул программаялъул тIадаб гуреб бутIаялде бачиналъул хIакъалъулъ законопроекталдехун дур бугеб пикру лъазе бокьилаан, – ян абураб. – Гьеб законопроекталъул дица рахьккола ва Россиялъул Пачалихъияб Думаялде гьединаб рахьккевеялъул кагьатги битIана дица. Амма дицаги шартIлъун рикIкIуна Россиялъул халкъазул мацIал цIуниялъе хIалтIи гьабизе ккей, – гьединаб букIана Васильевасул жаваб.

«Гьединан букIана ва гьелда тана», – абун лъугIула ЦIадаса ХIамзатил Расулил цо машгьураб асар.

Щибха тIаде жубалеб? МацIазул темаялда гIемер хъвана. Киназдаго бичIчIула ЩИБАБ мацI кIудияб хазина ва бечелъи букIин. Амма, интернеталъул гьурмазда ругел бахIсал цIалидал, Россиялъул гьоркьохъел ва гIисинал халкъазул мацIал хIакьир гьари, гьезда тIадрелъи буго кисакибего. Тирулеб-сверулеб жо буго дуниял. Цо заманалда диналги рукIана гьукъун. Къуръан малъунилан, мацI гьабизе росуцояви ватун, херав чи туснахъалде рехараб рогьоги ккана Дагъистаналда. Гьанже кирха ругел дол зулмучагIи ва дозул бида белъараб пачалихъ? Иншааллагь, дунял бугебгIан мехалъ, авар халкъги мацIги чIаго рукIина. МугIрул ругебгIан мехалъ, мугIрузда щибго кIоченаро. ЛъадаранагIан къвакIулин чаранилан буго аби. Аваразул халкъияб асаралъул мухъи ракIалде щвезабилин: «Жакъа чучарасул чилъи бухIаги…»

**ГIизудинил ХIамзат**

---

**Список кандидатов в присяжные заседатели на 2018-2021 годы, для обеспечения деятельности Верховного суда Республики Дагестан по МО «Гумбетовский район»**

1. Сурхаев Малачи Амиралиевич
2. Алиев Шамил Хадисович
3. Мутаев Гусен Мутаилунович
4. Расулов Мурад Мусаевич
5. Зубайров Магомед Ахмедович
6. Залумханов Анвар Магомедович
7. Давудгаджиев Алихан Ибрагимгаджиевич
8. Магомедов Пахродин Гаджиевич
9. Абдулмуталибова Сиядат Абдулмуталибовна
10. Салатгереев Шамил Исмаилович
11. Ахмеднабиев Гаджимурад Алиевич
12. Магомедов Абакар Чалабиевич
13. Гасанова Мадина Умаровна
14. Лабазанова Сакинат Исмаиловна
15. Алигаджиев Гассан Магомедович
16. Магомедова Наида Сахродиновна
17. Алиев Али Магомедович
18. Юсупов Магомед Юсупович
19. Гамзатов Асхабали Ибрагимович
20. Хамидова Салимат Джамалудиновна
21. Магомедгазиева Асма Магомедгазиевна
22. Каримов Ахмед Таймасханович
23. Гаджимагомедов Гусейн Магомеднабиевич
24. Магомедов Нурухма Хадисович

ОБЪЯВЛЕНИЕ

Мехельтинский интернат объявляет набор воспитанников на новый 2018-2019 учебный год.

В интернат принимаются учащиеся 5 – 11 классов , обучающиеся в школах Гумбетовского района, а также выходцы из Гумбетовского района успешно обучающиеся в школах за пределами района.

Учиться воспитанники будут в МКОУ «Мехельтинская средняя общеобразовательная школа», расположенная в 100 метрах от здания интерната.

В интернате воспитанники обеспечиваются 4-х разовым питанием, двухместными спальнями. Имеются все условия для дополнительных занятий, воспользоваться интернет - связью, богатой библиотекой предметной литературы.

В интернате ежегодно организуются курсы по подготовке к ОГЭ и ЕГЭ, также специальные уроки по подготовке к предметным олимпиадам районного и республиканского уровня.

Рядом с интернатом имеется спортивный зал, а также имеется возможность посещать крытый плавательный бассейн.

По вопросу устройства в интернат обратиться по телефону: 8(928)504-64-94

На электронную почту: miod. gumbet @ yandex.ru bkb d jnltk или в отдел образования, физической культуры и спорта администрации МР «Гумбетовский район»

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

## Оперативно –профилактическая операция «Автобус»

На основании приказа МВД по Республике Дагестан от 26.05.2018 №730 на территории Республики Дагестан в период с 4 по 13 июня 2018 года проводилась оперативно-профилактическая операция «Автобус», направленная на выявление и пресечение нарушений Правил дорожного движения и обеспечение безопасности перевозок пассажиров автобусами, принадлежащие физическим и юридическим лицам.

В ходе профилактических мероприятий особое внимание было обращено на такие виды нарушения, как: управление автобусами в нетрезвом состоянии, управление автобусами, не имеющими права управления, факты выезда на встречную полосу движения, не выполнение правил дорожных знаков, нарушение Правил перевозки групп детей автобусами.

Управление автобусами: в конструкцию которого установлены дополнительные сидения, не санкционированно оборудованных ГБО, не оборудованными тахографами,не оборудованными ремнями безопасности, с неисправностью тормозной системы и т.д.

**Амир Амиров,**
**и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**майор внутренней службы**

---

ЗИГАРАБИ

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахьалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник МухIамадгIали МухIамадгIалиевасда гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго эбел Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахьалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник МухIамадгIали МухIамадгIалиевасда гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго эбел Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов муниципального образования «Село Ингиши»

**от 14 марта 2018 г. № 1 Решение с. Ингиши**

### «Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Село Ингиши» за 2017 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Село Ингиши», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Село Ингиши » за 2017 год Собрание депутатов:

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Село Ингиши» Гумбетовского района за 2017 год:

- по доходам в сумме 2949,4 тыс. рублей согласно приложении №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 2825,8 тысяча рублей согласно приложению №2 к настоящему решению. (Источником финансирования дефицита бюджета 2017 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2017г -52,9 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**К. Ю. Бибулатов.**

**Приложение № 1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Ингиши» от 14 марта 2018 г. № 1**

### Доходы бюджета сельского поселения «Село Ингиши» за 2017 год

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2017 год | Фактически исполнено за 2017 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 20,0 | 16,3 | 81,5 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 21,0 | 21,5 | 102,4 |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 102,0 | 47,0 | 46,1 |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 47,0 | 55,6 | 118,3 |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **190,0** | **140,4** | **73,9** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **2752,0** | **2752,0** | **100,0** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000151** | **1854,0** | **1854,0** | **100,0** |
| **Субсидии в.т числе** | | **750,0** | **750,0** | **100,0** |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования* | 00120202041100000151 | 700,0 | 700,0 | 100,0 |
| **Иные межбюджетные трансферты в т.ч.** средства *бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | 00120204014100000151 | 50,0 | 50,0 | 100,0 |
| Недофинансирование за декабрь 2016г. | | 148,0 | 148,0 | 100,0 |
| **Субвенции** | | **60,0** | **57,0** | **95,0** |
| **ЗАГС** | **в том числе** | **3,0** | | |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | 57,0 | 57,0 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **3002,0** | **2949,4** | **98,2** |

**Приложение № 2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Ингиши» от 14 марта 2018 г. № 1**

### Расходы бюджета сельского поселения «Село Ингиши» за 2017 год

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2017 год | Кассо - вые выплаты за 2017 год | % выпол нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **3052,4** | **2825,8** | **92,6** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **1425,4** | **1409,7** | **98,9** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1425,4 | 1409,7 | 98,9 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **57,0** | **57,0** | **100,0** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 57,0 | 57,0 | 100,0 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **700,0** | **673,1** | 96,2 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 700,0 | 7673,1 | 1096,2 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **258,0** | **219,6** | **85,1** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 258,0 | 219,6 | 85,1 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **582,0** | **466,4** | **80,1** |
| *Культурно - досуговый центр* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 582,0 | 466,4 | 80,1 |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **10,0** | | **0,0** |
| **Молодежная политика** | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | **20,0** | | **0,0** |

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1090
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.